

Resous Vil New York pou  
Travayè yo:

# Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay



## Resous

Epi tou nou ka ede konekte ou ak:

- Asistans ak Imigrasyon
- Klas Angle
- Asirans Sante Bon Mache
- Asistans Piblik
- Konsèy Sou Finans Gratis
- Preparasyon Taks Gratis
- Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311** oswa voye yon imèl bay **OLPS@dca.nyc.gov**.



*Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope. Atravè travay Biwo Regleman ak Estanda Travay nou an, DCA ede fanmi k ap travay yo vin otonòm kote li ofri yo zouti ak resous yo bezwen pou yo kapab reyalize endepandans finansyè ak ekilib ant travay ak vi pèsònèl yo.*

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole

**NYC**  
Office of the Mayor

**Consumer  
Affairs**

Lorelei Salas  
Commissioner

protecting and enhancing  
the daily economic lives  
of New Yorkers.

Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay Depatman Zafè Konsomatè a (Department of Consumer Affairs, DCA) se resous santral nan Vil New York pou travayè yo. Nou se yon vwa ki nan gouvènman Minispalite vil la ki konsantre sou travayè nan Vil New York yo. Nou pwoteje ak pwomouvwa estanda ak regleman travay ki kreye espas travay ki jis pou asire tout travayè yo ka reyalize dwa yo, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.

Sa nou fè pou ou

- Aplikasyon Lalwa
- Sansibilizasyon ak Edikasyon
- Divizyon Swen Peye
- Resevwa Plent ak Bay Referans
- Rechèch, Pledwaye, ak Devlopman Regleman

Men kijan pou ou kontakte nou:

- Rele 311 (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York). Pou Swen Peye, Konje Maladi Peye, Travayè Endepandan, Travayè nan Makèt, Avantaj pou Transpò.
- Imèl [OLPS@dca.nyc.gov](mailto:OLPS@dca.nyc.gov)
- Ale sou sitwèb [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca)



### Aplikasyon Lalwa

Nou mete lwa ak règ travay enpòtan nan Vil New York, tankou:

- Lwa Konsènan Konje Maladi Peye
- Lwa Travay Endepandan Pa Gratis
- Lwa Avantaj Transpò
- Lwa Retansyon Travayè nan Makèt
- Lwa Salè pou Viv ak Salè an Vigè



### Sansibilizasyon ak Edikasyon

Nou edike travayè yo—ansanm ak patwon yo ak piblik la—sou pwoteksyon travay nan nivo lokal, eta, ak federal. Nou asosye ak travayè ak òganizasyon travay pou gen garanti travayè yo konnen dwa yo epi yo ka defann yo. Epi tou nou edike anplwaye yo sou obligasyon yo genyen selon lwa dwa travayè yo pou gen yon anviwònman kote moun respekte lwa yo.

### Divizyon Swen Peye

Nou gen Divizyon ki san parèy sa a pou defann twa travayè swen peye yo, tankou moun k ap bay swen sante lakay ak swen pèsònèl, moun k ap travay nan kay, moun k ap gade timoun, moun k ap bay swen, ak moun k ap netwaye kay; amelyore kalite travay swen peye; ak bay sistèm swen peye a jarèt.



### Resevwa Plent ak Bay Referans

Nou resevwa plent sou lwa travay yo epi mennen ankèt sou reklamasyon selon lwa nou mete an aplikasyon yo, tankou Lwa Konsènan Konje Maladi Peye a. Pou lòt pwoblèm, nou konekte travayè yo ak ajans gouvènman ki apwopriye a, ajans sèvis jiridik yo, ak resous pou ede yo jwenn aksè ak pwoteje dwa yo ak jwenn sèvis ki enpòtan.

### Rechèch, Pledwaye, ak Devlopman Regleman

Nou dirije rechèch nan mache travay la pou avanse inisyatif nouvo regleman ki adapte ak yon ekonomi k ap chanje epi ki ranfòse pwoteksyon pou travay ki frajil yo, tankou moun ki pa blan, fanm, ak imigran yo.